# 1960–1980-ЖЫЛЛАРДА ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ПРОКУРАТУРА ОРГАНЛАРЫНЫҢ ИСКЕРЛИГИ ҲӘМ КАДРЛАР СИЯСАТЫ: ТАРИЙХЫЙ-ҲУҚЫҚЫЙ ТАЛҚЫЛАЎ

**Зарипбаев У.О.**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

1960–1980-жыллар совет мәмлекетлик басқарыў системасында қурамалы социаллық-сиясий ҳәм экономикалық процесслер кешкен дәўир есапланады. Бул дәўирде социалистлик системадағы ишки қарама-қарсылықлар, басқарыў нәтийжелилигиниң төменлеўи, кадрлар сиясатындағы машқалалар әсиресе миллий республикаларда айқын көзге тасланды. Бул жағдайлар ҳуқықты қорғаўшы уйымлар, соның ишинде прокуратура системасы искерлигине тиккелей тәсир көрсетти.

Изиртлеўдиң мақсети – 1960–1980-жылларда Қарақалпақстан прокуратура уйымлары искерлигиниң тийкарғы бағдарлары, шөлкемлестириўшилик раўажланыўы ҳәм кадрлар сиясатының өзгешеликлерин анықлаўдан ибарат. Изертлеўде тарийхыйлық, системалылық ҳәм салыстырмалы-ҳуқықый таллаў усылларынан пайдаланылды. Сондай-ақ: архив ҳүжжетлери (прокуратура есабатлары, буйрықлар), нормативлик-ҳуқықый дәреклер (Конституциялар, нызамлар), статистикалық мағлыўматлар, естелик ҳәм мемуар әдебиятлары талланды. Алынған нәтийжелер соны көрсетеди, Қарақалпақстан прокуратура уйымлары совет мәмлекетлик системасының ажыралмас бөлеги сыпатында жумыс алып барған болып, олардың жумысы партия-мәмлекетлик басқарыў менен тығыз байланыслы болған.

Прокуратура органлары бир тәрептен нызам үстинлигин тәмийинлеўге хизмет еткен болса, екинши тәрептен орайласқан сиясий система тәсиринде жумис алып барган. Бул болса олардың гәрезсизлиги белгили дәрежеде шекленгенлигин көрсетеди. Кадрлар сиясатындағы унамлы өзгерислер (жергиликли кадрлардың көбейиўи, тәжирийбе арттырыў) системаның нәтийжелилигин арттырған. Бирақ, айырым тараўларда (билимлендириў, мийнет қатнасықлары, жас өспиримлер менен ислесиў) машқалалар сақланып қалған. Жынаятшылық динамикасының анализи болса экономикалық ҳәм социаллық машқалалар прокуратура жумысының нәтийжелилигине тәсир еткенин тастыйықлайды.

1960-жылларға келип партия ҳәм совет жәмийети турмысында социалистлик системаға тән болған белгили қарама-қарсылықлар ҳәм кемшиликлер барған сайын айқын көрине баслады. Жәмийеттиң социаллық-экономикалық ҳәм руўхый тараўларында унамсыз тенденциялар күшейип, басқарыў системасының нәтийжелилигине сезилерли тәсир көрсетти. Атап айтқанда, кадрлар қурамының тез-тез алмасып турыўы, олардың жергиликли дәрежеде турақлы емеслиги, сондай-ақ, өндиристи шөлкемлестириўде, әсиресе, аўыл хожалығы тараўында жүзеге келген машқалалар басқарыў системасында кризисли жағдайларды пайда етти [1, 245-247].

1963-жылы Қ.Камалов Қарақалпақстан ўәлаятлық партия шөлкемине басшы етип тайынланды. Усы ўақытта республикада мәмлекетлик басқарыў системасында да өзгерислер әмелге асырылды. Атап айтқанда, 1963-жыл 13–16-март күнлери болып өткен Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Кеңесиниң VI шақырық биринши сессиясында Е.Айтмуратов басшылығындағы Министрлер Кеңесиниң жаңа қурамы тастыйықланды. Қарақалпақстанның 1963-1984-жыллар ишинде экономикалық ҳәм мәдений жақтан раўажланыўына областьлық партия комитетиниң биринши секретары болған Қ.Камалов үлкен үлес қосқан[2, 321]. 1965-жыл июнь айынан баслап Қарақалпақстан АССР прокуроры лаўазымына Давлетов Абдулла Жумабаевич тайынланды. Усы дәўирде совет сиясий-ҳуқықый системасында прокуратура уйымлары айрықша әҳмиетке ие болып, олар мәмлекетлик ҳәкимияттың әҳмиетли қадағалаў институтларынан бири сыпатында жумыс алып барған.

Прокуратура уйымларының тийкарғы ўазыйпалары тергеў, суд ҳәм судтан тысқары процесслерде нызамшылық талапларына қатаң әмел етилиўин тәмийинлеўден ибарат еди. Сондай-ақ, бул уйымлар мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик мәплерди қорғаў, ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў ҳәмде нызам үстинлигин тәмийинлеўде әҳмийетли орын ийелеген[3, 312-315].

Шешилиўи керек болған әҳмийетли мәселелердиң бири өспиримлер ҳәм жаслар арасындағы ҳуқықбузарлықларға қарсы гүресиў мәселелеси еди. КПСС Орайлық Комитетиниң 1963-жыл 15-октябрьдеги "Ержетпегенлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм жынаячылықты сапластырыў илажлары ҳаққында"ғы қарары ҳәм де Өзбекстан Компартиясы Орайлық Комитети ҳәм Өзбекстан ССР Министрлер Советиниң усы мәселе бойынша 1963-жыл 30-декабрьдеги қарарына муўапық, 1964-жыл 18-апрельде Өзбекстан Компартиясы Обкомы ҳәм Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети қарар қабыл етти[4]. Усы қарарға муўапық республика партия-совет уйымлары, мәмлекетлик ҳәм жәмиетлик шөлкемлер, сондай-ақ, Қарақалпақстан АССР Халық билимлендириў министрлигине балалар тәрбиясы тараўындағы бар кемшиликлерди сапластырыў, жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлық жағдайларын кескин азайтыў бойынша анық ҳәм нәтийжели илажларды әмелге асырыў ўазыйпасы жүкленди. Соның менен бирге, жас әўладты коммунистлик идеялар тийкарында тәрбиялаў, жеткиншеклер арасында саўацызлықты сапластырыў ҳәм ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў мәселелерин барлық партия ҳәм совет органлары, кәсиплик аўқамлары, комсомол шөлкемлери ҳәм басқа да жәмийетлик институтлар, сондай-ақ кәрхана ҳәм мәкемелер басшыларының искерлигиниң тийкарғы бағдарларының бирине айландырыў белгиленди.

Республиканың жаңадан тайынланған прокуроры А.Давлетов төмендегише атап өткен: "Оқытыў сапасының төменлиги ҳәм тәлим-тәрбия жумысларының жетерли дәрежеде алып барылмаўы нәтийжесинде 1963-1964-оқыў

жылында жәми 119012 оқыўшыдан 6016сы класс тәкирарлаўына қалдырылған ҳәм 2025и гүзги имтиханларға қалдырылған болса, 1964-1965-оқыў жылында болса жәми 127007 оқыўшыдан 5608и класс тәкирарлаўына ҳәм 2397и гүзги имтиханларға қалдырылған[5]. Бул тийкарғы себеби жергиликли мийнеткешлер депутатлары Советлериниң атқарыўшы комитетлери, халық билимлендириў бөлимлери тәрепинен мектеп жасындағы балаларды оқыўға толық тартыў ҳәм оқыў-тәрбия жумысларының сапасын жақсылаў бойынша жеткиликли илажлар көрилмей атырлығы еди[4]. Және бир әҳмийетли ўазыйпа жаңа район прокуратураларын шөлкемлестириў болды. Қ.Камалов өз еске түсириўлеринде былай жазады: "Усы жылы (1964-жыл. - автор) Шараф Рашидовқа республикада район регионларының бир-биринен узақлығын, басқарыўда үлгере алмаўшылықларды ҳәм басқа да қыйыншылықларды айтып, үлкен районларды бөлип, бурынғы жағдайына келтириўге келисим алдым. Соннан соң Төрткүл, Беруний районы болып екиге, Хожели, Қоңырат, Шоманай болып үшке, Шымбай ҳәм Тахтакөпир болып екиге бөлинди"[6].

Сонлықтан 1965-жылы 29-декабрьде ӨзССР Жоқарғы Кеңеси Президиумы пәрманы менен ҚҚАССР да Тахтакөпир районы ашылды. ҚҚАССР прокуроры А.Давлетов ӨзССР прокурорына усыныс киргизип, жаңадан ашылған Тахтакөпир районында прокуратура ашыўды усыныс етеди. Солай етип, ӨзССР прокурорының 1966-жыл 23-февральдағы 45-Л-санлы буйрығына муўапық Тахтакөпир районы прокуратурасы 4 штат бирлигинен ибарат болып қайта шөлкемлестирилди. Тахтакөпир районы прокуроры лаўазымына алдын Шымбай районы прокуратурасын басқарған Б.Аминов тайынланады[7]. Жәми 1966-жылы ҚҚАССР прокуратурасы системасында 38 хызметкерден ибарат болған. 1965-жыл менен салыстырғанда еки вакант қосылған. Соның менен бирге 1965-жылы ҚҚАССР прокуратурасынан 5 адам босатып жиберилген.

1967-жыл 18-декабрьден Өзбекстан Компартиясы Қарақалпақстан областьлық комитети бюросы, ҚҚАССР Министрлер Совети ҳәм Кәсиплик аўқамлары областьлық кеңесиниң "Хызметкерлердиң бес күнлик жумыс ҳәптесине өтиўи ҳаққында"ғы қарарына муўапық ҚҚАССР прокуратура органларында 5 күнлик жумыс ҳәптеси енгизилди[8]. Соның менен бирге, прокуратура системасында жас кадрларды таңлап алыў, орналастырыў ҳәм тәрбиялаў жумыслары даўам еткен еди. Бул бағдарда 1968-1969-жыллары ҚҚАССР прокуратурасында белгили жумыслар әмелге асырылды. Атап айтқанда, Нөкис қаласы прокуроры лаўазымына республика прокуратурасы тергеў бөлиминиң баслығы Р.Мирзаахмедов тайынланады. Ол "жумыс көлеми кемирек болған район" - Шоманай районына прокурор етип тайынланған К.Алламуратовтың орнын келеди. Төрткүл районы прокуроры Н.Примбетов болса исти дурыс жолға қоя алмағаны себепли лаўазымынан азат етилген ҳәм оның орнына И.Якубов тайынланады.

1968-жылы Т.Қобланов ҚҚААССР прокурорының орынбасары лаўазымына тайынланады. Ол бул лаўазымға тайынланған дәслепки жергиликли кадрлардан бири еди. Бирақ, жоқары мағлыўматлы юристлердиң прокуратура уйымларына жумысқа өтиўди қәлемеўи себепли, прокуратура кадрлар таңлаўда қыйыншылықларға ушыраўын даўам етти. Ўақыт өтип, Т.Қобланов 1970-жылы ӨзССР прокуратурасына жумысқа өтеди. ҚҚАССР қурамында Нөкис районының шөлкемлестирилиўи мүнәсибети менен 1969-жыл 1-апрельден ӨзССР прокурорының 1969-жыл 11-марттағы 56-санлы буйрығына муўапық Нөкис районы прокуратурасы 5 штат бирлиги менен, ал 1971-жыл 5-февральдан Ленинабад районы прокуратурасы 4 штат бирлиги менен шөлкемлестирилди[9]. 1972-жыл 7-августтан ӨзССР прокурорының 1972-жыл 31-июльдеги 237-санлы буйрығына муўапық 5 штат бирлигинен ибарат Қоңырат қалалық прокуратурасы шөлкемлестирилди[10]. 1975-жыл 23-апрельден 4 штат бирлигинен ибарат Тақыятас қалалық прокуратурасы шөлкемлестирилди.

Республика прокуратурасы СССР Бас прокурорының 1969-жыл 22-январьдағы "Кадрларды таңлаў, жайластырыў ҳәм тәрбиялаўды буннан былай да жетилистириў илажлары ҳаққында"ғы 4-санлы буйрығын орынлаў бойынша белгили жумысларды әмелге асырды. ҚҚАССР прокуроры А.Давлетов кадрлар таярлаў мәселесине айрықша итибар қаратқан. Архив материалларында оның Россия, Қазақстан ҳәм Өзбекстан юридика бағдарында кадрлар таярлайтуғын жоқары оқыў орынларының басшыларына мүрәжат етип, жергиликли жасларды конькреттен тысқары оқыўға алыў ямаса оқыўына жәрдем бериў мәселелери менен мүрәжат еткенлигинен дәрек береди.

1970-жылы ҚҚАССР прокуратурасы хызметкерлериниң саны 48 ге жетти. Республика прокуратурасы аппаратында 13 хызметкер, 12 қала ҳәм район прокуроры, 9 қала ҳәм район прокурорының жәрдемшиси, 14 тергеўши жумыс алып барған[11].

1970-1972-жыллары ҚҚАССР прокуратурасы дүзилисинде бир қатар өзгерислер жүз берди. Республика прокурорының орынбасары лаўазымына Р.Мирзаахмедов, прокурор жәрдемшиси лаўазымына Б.Қазақбаева, Мойнақ районы прокуроры етип О.Қаллибеков, Шымбай районы прокуроры етип Х.Алламуратов, Нөкис қаласы прокуроры етип Н.Абдуллаев тайынланады. 1970-жылы 7-декабрьдеги ӨзССР Жоқары Совети Президиумының пәрманына муўапық Ленинабад районы шөлкемлестириледи[9] ҳәм район прокурори етип С.Уразов[12] тайынланды. Республика бойинша жәми 12 район прокуратурасы, 1 қала прокуратурасы ҳәм орайлық аппарат хизмет көрсеткен. 1972-жылы 29-июньде СССР Бас прокурорының 445-Л-санлы буйрығына муўапық Қоңырат қалалық прокуратурасы шөлкемлестирилди[10]. 1970-жыллардың орталарына келип, кадрлар менен ислесиў әдеўир жақсыланды. Өзбекстан ССР прокурорының 1976-жыл 5-октябрьдеги 358-санлы ҳәм 1976-жыл 2-апрельдеги 100-санлы, сондай-ақ басқа да буйрықлары менен Қарақалпақстан АССР прокуратурасының штат бирликлери саны 25 ке (ямаса 44,6%) көбейтирилди. 1976-жыл 1-январь жағдайына көре, прокуратурада 56 оператив хызметкер (ҳәм 2 стажёр) лаўазымы, соның ишинде аппаратта 15, қала ҳәм район прокурорлары 15,

олардың орынбасарлары ҳәм жәрдемшилери 9, тергеўшилер 17 лаўазымы нәзерде тутылған еди. Барлық оператив хызметкерлер жоқары юридикалық мағлыўматқа ийе болып, олардың 36 сы (64,3%) КПСС ағзасы, 2 еўи (3,4%) ВЛКСМ ағзасы еди. 8 хызметкердиң (14,3%) жумыс стажы 3 жылға шекем болса, 27 си (48%) 10 жылдан артық мийнет тәжирийбесине ийе еди.

Хызметкерлердиң мийнет ҳәм турмыс шараятларын жақсылаў бойынша илажлар көрилген. 1976-жылы республика прокуратурасы және де қолайлы имаратқа көшти, бул болса Нөкис қаласы прокуратурасының жумыс шараятларының бир қанша жақсыланыўына алып келди. Жаңадан шөлкемлестирилген Тақыятас қалалық прокуратурасы зәрүр жумыс бөлмеси ҳәм үскенелер менен тәмийинленди. Әмиўдәря районы прокуратурасы да жаңа имаратқа ийе болады. ҚҚАССР прокуратурасы Орайлық аппарат, Нөкис қаласы ҳәм районлық прокуратура хызметкерлери 11 квартира менен тәмийинленген.

Архив мағлыўматларды үйрегенимизде бул илажлар өз нәтийжесин көрсеткенлигин көремиз: 1976-жылы республикада аўыр жынаятлар 4,6 процентке, онша аўыр болмаған жынаятлар 5 процентке, жас өспиримлер тәрепинен ҳәм олардың қатнасыўында исленген жынаятлар болса 12,4 процентке азайды. Пуқаралардың жеке мүлкин урлаў (30,3 процентке), жәбирлениўшиниң өлимине алып келген автомототранспорт ҳәрекети ҳәм оннан пайдаланыў қағыйдаларын бузыў (19 процентке) ҳәм бийзарылық (10 процентке) сыяқлы ең көп тарқалған жынаят түрлери де азайды. Жынаятлардың ашылыўы 1975-жылдағы 98,2 проценттен 1976-жылда 98,5 процентке артты. Дәслепки тергеўдиң сапасы жақсыланды, қосымша тергеўге қайтарылған ислер саны прокуратура уйымлары тергеўшилери бойынша 4,8 проценттен 4,2 процентке шекем, ишки ислер уйымлары тергеўшилери бойынша 7,9 проценттен 7,3 процентке шекем, сорастырыў бойынша болса 15,1 проценттен 8,2 процентке шекем төменледи[13].

Прокуратура раўажланыўының жаңа басқышы 1977-жылдан басланады. Бул ўақытқа келип ҚҚАССР прокуратурасы штатында 149 хызметкер бар еди: орайлық аппараттан тысқары үш қала (Нөкис, Қоңырат, Тақыятас) ҳәм 14 район прокуратуралары жумыс алып баратуғын еди. Республика прокуратурасына елеге шекем А.Давлетов басшилық етип киятырган болип, оның орынбасары лаўазымында Р.Мирзаахмедов, тергеў бөлими баслығы лаўазымында Ж.Тайлақов, тергеў бөлими прокурори ўазыйпасында Қ.Жуманазаров ислеген еди. Прокурор жәрдемшилери лаўазымларында болса О.Бектурсинов, А.Оразмаханов, Т.Утарбаев, Ж.Даукеев, М.Исмоилов, Г.Бобожанова, Ж.Қалилаев, Т.Холмуротов, С.Собонова, Д.Қолекеев ҳәм басқалар жумыс алып барды. 1979-жыл 2-августта КПСС Орайлық Комитети «Ҳуқықый тәртипти қорғаў жумысларын жақсылаў ҳәм ҳуқықбузарлықларға қарсы гүресте күшейтиў ҳаққында» қарар қабыл етти. Онда жынаятшылыққа қарсы гүрес нәтийжелилигин арттырыўға айрықша итибар қаратылды.

Усы мүнәсибет пенен орынларда тексериўлер басланып, прокуратура структуралары оптималластырылды. Атап айтқанда, 1979-жылы октябрь айында Бозатаў районы шөлкемлестирилиўи менен район прокуратурасы да дүзилди. Сондай-ақ, транспорт прокуратурасы қайта дүзилди: 1979-жылдан баслап Қарақалпақстан аймағында қадағалаўды Қоңырат транспорт прокуратурасы алып барды[14].

Прокуратура органларының қәлиплесиўиндеги кейинги әҳмийетли басқыш 1977-жыл октябрьде СССР Конституциясының ҳәм 1978-жыл апрельде Өзбекистан ССР Конституциясының қабыл етилиўи менен байланыслы. Усы конституциялық ҳүжжетлерде прокуратура органларының мәмлекетлик ҳәкимият системасындағы орны ҳәм әҳмийети айрықша белгиленип, оларға арнаўлы бап ажыратылған ҳалда, ҳуқықты қорғаў системасының ғәрезсиз институты сыпатындағы статусы беккемленген. 1977-жылғы Конституция тийкарында прокуратура искерлигин ҳуқықый тәрептен тәртипке салыў мақсетинде 1979-жылы 30-ноябрьде «СССР прокуратурасы ҳаққында»ғы Нызам қабыл етилди. Бул нызам СССР прокуратура органларының шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарларын белгилеп берип, аўқам прокуратура системасы тамамланғанға шекем әмел еткен тийкарғы нормативлик ҳүжжет сыпатында хызмет етти[15, 356–359.].

Нызамға муўапық, прокуратураның тийкарғы искерлигине, биринши гезекте, нызамлардың анық ҳәм бир қыйлы орынланыўын жоқары қадағалаў, екиншиден, социалистлик мүлкти қорғаў ҳаққындағы нызамлардың бузылыўына, жынаятшылыққа ҳәм ҳуқықбузыўшылықларға қарсы гүресиў, жынаятларды тергеў, жынаят ислеген шахсларды жынайый жуўапкершиликке тартыў, жынаят ушын жуўапкершиликтиң сөзсизлигин тәмийинлеў, жынаятшылық ҳәм ҳуқықбузыўшылықлардың алдын алыў бойынша илажлар ислеп шығыў, ҳуқық қорғаў уйымларының жынаятшылыққа ҳәм ҳуқықбузыўшылықларға қарсы гүресиў искерлигин муўапықластырыў, нызамшылықты жетилистириў ҳәм нызамларды үгит-нәсиятлаўда қатнасыў сыяқлы ўазыйпалар жүкленген.

1982-жылы республика халық судлары тәрепинен 1396 адамға байланыслы 1050 жынаят иси көрип шығылды. Олардан 770 адам еркинен айырыўға, 317 адам түзетиў жумысларына, 133 адам шәртли түрде ҳүким етилди. ӨзССР ЖКниң 232-статьясын қолланған ҳалда 159 адам шәртли түрде мийнетке мәжбүрий тартылыў менен, ӨзССР ЖКниң 441-статьясын қолланған ҳалда 23 адамға ҳүкимниң орынланыўы кейинге қалдырылды, қалған 74 адам басқа илажларға тартылды. 268 ис бойынша судлардың көшели мәжилислери шөлкемлестирилди, 28 ис бойынша жәмийетлик айыплаўшылардың қатнасыўы тәмийинленди, жеткиншеклер ислери бойынша 42 исте 28 жәмийетлик айыплаўшының қатнасыўы тәмийинленди[16].

1983-жылы июнь айында Қарақалпақстан АССР прокуроры лаўазымына Салаўат Қутлымуратович Уразов тайынланады ҳәм бул лаўазымда 1986-жылдың май айына шекем нәтийжели мийнет етеди. Соңынан Нөкис қалаасы атқарыў комитетиниң баслығы, Нөкис қалаасы прокуроры, Қарақалпақстан Республикасы

Конституциялық бақлаў комитетиниң баслығы, Арал тәбиятын қорғаў прокуроры, Нөкис қалаасы прокурорының ҳәм Қарақалпақстан Республикасы прокурорының жәрдемшиси лаўазымларында ислеген. Әдиллик үлкен мәслаҳәтшиси Салаўат Кутлымуратович Уразов бул лаўазымда ислеп жүрип, республикада нызамшылықты беккемлеў ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүресиў жумысларын муўапықластырыўға, прокурор қадағалаўының нәтийжелилигин арттырыўға, прокуратура уйымларында жас, ғайратлы, кәсибине садық кадрларды таңлаў, тайынлаў ҳәм тәрбиялаў ислерине салмақлы үлес қосқанлығы ушын көп санлы орден ҳәм медальлар менен, сондай-ақ «Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен юрист» ҳүрметли атағы ҳәм Өзбекстан Республикасы прокуратурасының «Ҳүрметли хызметкери» көкирек нышанлары менен сыйлықланған[12].

С.Қ.Уразов Қарақалпақстан прокуратурасына басшылық еткен дәўирде прокуратура штаты 95 прокурор-тергеў хызметкеринен ибарат болып, олардың 84 и жергиликли миллет ўәкиллери ҳәм 52 си 40 жасқа шекемги хызметкерлерди қураған, 21 и 1 жылға шекемги ис стажына ийе жас қәнигелер ҳәм 28 и 10 жылдан артық тәжирийбели хызметкерлер, олардың 90 ы жоқары юридикалық қәнигеликке ийе болған. Соннан ҚҚАССР прокуратурасы аппаратында 14 жуўапкерли лаўазым ийеси болып, олардың арасында республика прокуроры, еки орынбасар (1982-жылы прокурор орынбасары сыпатында В.Вишняков келген), еки бөлим баслығы ҳәм тоғыз АССР прокурорының үлкен жәрдемшиси бар еди. 1984-жыл даўамында прокуратура уйымларына 14 адам жумысқа қабыл етилди, 17 адам жумыстан босатылды, 4 адамның лаўазымы төменлетилди, 24 адам басқа лаўазымға өткерилди. СССР прокуратурасының қәнигелигин арттырыў институтларында 7 адам билим алған.

Жуўмақ орнында соны атап өтиў керек, 1960–1980-жыллары Қарақалпақстан АССР прокуратура органларының искерлигин тарийхый-ҳуқықый жақтан анализлеў бул дәўирде прокуратура системасы совет мәмлекетлик басқарыў механизминиң әҳмийетли қадағалаў институты сыпатында қәлиплесип, басқышпа-басқыш институционаллық раўажланыў жолын басып өткенлигин көрсетеди. Бул процесс, ең алды менен, прокуратура органларының шөлкемлескенлик дүзилисин жетилистириў, аймақлық бөлимлерин кеңейтиў ҳәм де кадрлар менен тәмийинлениўин арттырыў арқалы әмелге асырылған. Атап айтқанда, жаңа район ҳәм қала прокуратураларының шөлкемлестирилиўи, штат бирликлериниң көбейиўи ҳәм де қәнигели кадрлар таярлаўға қаратылған илажлар прокуратура искерлигиниң нәтийжелилигин арттырыўға хызмет еткен.

1960-жыллары социаллық-экономикалық ҳәм басқарыў тараўларындағы машқалалар, кадрлар турақсызлығы ҳәм де жергиликли дәрежедеги шөлкемлестириўшилик кемшиликлер прокуратура органлары искерлигине де тәсир еткен. Соның менен бирге, бул дәўирде прокуратура тәрепинен билимлендириў, жеткиншеклер арасында ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў, мийнет нызамшылығына әмел етилиўин тәмийинлеў сыяқлы әҳмийетли бағдарларда қадағалаў функциялары актив әмелге асырылғаны бақланады.

1970-жылларға келип прокуратура системасында шөлкемлескенлик жағынан беккемлениў, жаңа район ҳәм қала прокуратураларының шөлкемлестирилиўи, штат бирликлериниң көбейиўи ҳәм де кадрлар менен тәмийинлениў дәрежесиниң жақсыланыўы бақланды. Бул болса прокуратура органларының орынлардағы тәсир шеңберин кеңейтип, олардың ҳуқықты қорғаў тараўындағы рольин асырды. Әсиресе, кадрларды таярлаў, жайластырыў ҳәм олардың қәнигелигин асырыўға қаратылған илажлардың системалы түс алыўы үлкен әҳмийетке ийе болды. 1977–1979-жыллары қабыл етилген коньституциялық ҳәм тараўлық нызамшылық ҳүжжетлери прокуратура органларының ҳуқықый статусын және де беккемлеп, олардың ўәкилликлери менен искерлик бағдарларын анық белгилеп берди. Нәтийжеде прокуратура бир тутас орайласқан система сыпатында қәлиплесип, нызам үстинлигин тәмийинлеўдеги институционал имканиятлары кеңейди.

Соның менен бирге, изертлеўлердиң нәтийжелери усы дәўирде айырым системалы машқалалардың да сақланып қалғанын көрсетеди. Атап айтқанда, мийнет нызамшылығының бузылыўы, кәмелетке толмағанлар арасындағы ҳуқықбузарлықлар, жынаятшылықтың өсиўи сыяқлы жағдайлар прокуратура органлары жумысының нәтийжелилигин арттырыў зәрүрлигин келтирип шығарған.

Улыўма алғанда, 1960–1980-жылларда Қарақалпақстан прокуратура органларының жумысын таллаў олардың мәмлекетлик басқарыў системасындағы орны ҳәм әҳмийетиниң артып барғанын, соның менен бирге кадрлар сиясаты, шөлкемлестириўшилик дүзилиси ҳәм ҳуқықый тийкарларын жетилистириў арқалы жумыс нәтийжелилигин арттырыўға қаратылған избе-из процесстиң жүз бергенин көрсетеди.

**ӘДЕБИЯТЛАР**


1. Ўзбекистоннинг энг янги тарихи: 1917–1991 йиллар. – Тошкент: “Ўқитувчи”, 2019. – Б. 245–247.
2. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем – Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 2003-жыл.
3. СССР прокуратураси тўғрисидаги Низом (1955 йил 24 майда тасдиқланган) // СССР қонун ҳужжатлари тўплами. – Москва, 1955; қаранг шунингдек: Совет давлат ва ҳуқуқ тарихи. – Тошкент: “Ўқитувчи”, 1988. – Б. 312–315.
4. QR OMA, R-116-fond, 1-dizim, 62-jıynaq, 155-bet.
5. Xalıq bilimlendiriw tarawındağı esabat arxiv materialları (1963–1965-jj.).
6. Камалов К. Ел хызметинде. – Нукус, 1995. – Б. 74.
7. QR OMA, R-116-fond, 1-dizim, 82-jıynaq, 31-bet.
8. СССР Вазирлар Совети ва ВЦСПС қарори: “О переводе рабочих и служащих на пятидневную рабочую неделю с двумя выходными днями” (26 сентябрь 1967 йил) // СССР қонун ҳужжатлари тўплами. – Москва, 1967.
9. QR OMA, R-116-fond, 1-dizim, 159-jıynaq, 139-bet.
10. QR OMA, R-116-fond, 1-dizim, 160-jıynaq, 16-bet.
11. QR OMA, R-116-fond, 1-dizim, 151-jıynaq, 26-28-bet.
12. Автордың дала жазыўлары, 2025. – № 1. Нөкис қаласы, Т.Ешанов көшеси, 1-жай. Хабаршы – Уразов Нурмухаммед Салауатович. 1978-жылы туўылған.

13. QR OMA, R-116 fond, 1-dizim, 207- jıynaq, 12-28-bet.
14. QR OMA, R-116 fond, 1-dizim, 216-jıynaq, 150-bet.
15. СССР Конституцияси (1977 йил 7 октябрь) // СССР Олий Совет Ведомостлари. – 1977. – №41; "СССР прокуратураси тўғрисида"ги Қонун (1979 йил 30 ноябрь) // СССР қонун ҳужжатлари тўплами. – Москва, 1979; қаранг шунингдек: Совет давлат ва ҳуқуқ тарихи. – Тошкент: "Ўқитувчи", 1988. – Б. 356–359.
16. QR OMA, R-116-fond, 1-dizim, 74-is, 87-bet

**Аннотация:** Бул мақалада 1960-1980-жылларда Қарақалпақстан АССР прокуратура уйымларының жумысы ҳәм олардың кадрлар менен тәмийинлениў мәселелери тарийхый-ҳуқықый жақтан талланған. Изертлеўде прокуратура органларының шөлкемлесиўлик раўажланыўы, кадрлар сиясаты, жынаятшылыққа қарсы гүресиў, мийнет ҳәм билимлендириў тараўларында нызам үстинлигин тәмийинлеўдеги орны ашып берилген. Соның менен бирге, усы дәўирде қабыл етилген конституциялық ҳәм тараўлық нызамшылық ҳүжжетлериниң прокуратура системасының раўажланыўына тәсири талқыланған. Архив дереклери ҳәм статистик мағлыўматлар тийкарында прокуратура искерлигиниң нәтийжелилиги ҳәм де әмелдеги машқалалар анықланған.

**Таяныш сөзлер:** кадрлар сиясаты, совет дәўири, жынаяшылық, мийнет нызамшылығы, мәмлекетлик басқарыў.

**Аннотация:** В данной статье с историко-правовой точки зрения анализируется деятельность органов прокуратуры Каракалпакской АССР в 1960–1980-х годах и вопросы их кадрового обеспечения. В исследовании освещена роль органов прокуратуры в организационном развитии, кадровой политике, борьбе с преступностью, обеспечении верховенства закона в сферах труда и образования. Также проанализировано влияние принятых в этот период конституционных и отраслевых законодательных актов на развитие системы прокуратуры. На основе архивных источников и статистических данных определены эффективность деятельности прокуратуры и существующие проблемы.

**Ключевые слова:** кадровая политика, советский период, преступность, трудовое законодательство, государственное управление.

**Abstract:** This article analyzes the activities of the prosecution authorities of the Karakalpak ASSR in the 1960s–1980s and their personnel support issues from a historical and legal perspective. The study highlights the role of prosecution authorities in organizational development, personnel policy, the fight against crime, and ensuring the rule of law in the fields of labor and education. The impact of constitutional and sectoral legislative acts adopted during this period on the development of the prosecution system was also analyzed. Based on archival sources and statistical data, the effectiveness of the prosecutor's office's activities and existing problems have been identified.

**Key words:** personnel policy, Soviet period, crime, labor legislation, public administration.

---